

3

Minggu III  
September 2020  
Tebakan Rp 16.000,-

ISSN 0215-4833

# Jaya Baya

Mingguan Kulawarga Basa Jawa

Revisi UU Konstitusi Kesusu-Susu  
Jabatan Hakim MK  
Bisa Nganti 15 Taun

Crita Misteri

Tetandhingan Masak  
karo Lelembut

Uran-uran

Semut Ireng Pasemon  
Putri ing Wandhan

Model: Siswa Pastraman Empu Bharadah



## Tantangan Pilkada ing Era Pandemi

**A**keh pihak kang menahi pepenget gegayutan bahayane penyelenggaraan pemilu ing era pandemi kang bakal digelar mengko. Iku ngelingi kesadharan warga gegayutan karo bahayane covid-19 isih rendah. Nanging sajake pamarentah, Dewan Perwakilan Rakyat, Komisi Pemilihan Umum (KPU) lan partai politik padha tetep kaya ancasa sakawit bakal terus nindakake pemilihan gubernur, bupati, walikota serentak ing 270 daerah suk tanggal 9 Desember 2020.

Pilkada ing mangsa pandemi pancen mujudake tantangan tumrap penyelenggara pemilu lan pamarentah. Yaiku kudu ngawekani lan nyegah penularan covid-19 ing wanci aktivitas penyelenggaraan pemilu ing kahanan mangsa pandemi. Masyarakat dhewe iya diajab ora skeptis gegayutan karo anane Pilkada iku. Ya merga saka iku, ora mokal yen sadurunge akeh pihak kang ngajab Pilkada iki di tundha dhisik nganti taun 2021. Wiwit awal pancen titilaksanane Pilkada iku akeh sing mrayogakake ditundha nganti pertengahan 2021 merga anane wabah virus sing durung ana rampunge iki.

Kekuwatiran iku sejatine bisa tinemu nalar, kaya nalika isih nindakake pendaftaran wae, kanyatane akeh bakal pasangan calon Pilkada menyang KPU padha ora nindakake aturan protokol kesehatan. Katon dumadi kerumunan massa, kang mesthi wae iku cengkah karo anjuran supaya tansah jaga jarak, lan nggunakake masker. Ing bab iki ndadekake cuwane Lembaga Penelitian Pendidikan dan Penerangan Ekonomi (LP3ES) menyang KPU cling-eling ing kahanan iki isih ing kahanan pandemi. Kudune iku ditertibake. Manut direktur Center for Media Demokrasi LP3ES, Wijay anto, Pilkada iku mujudake kegiatan super agresif sing tanpa disadhari pamarentah lan otoritase, nyatane kanthi terus meksa tetep bakal nindakake.

Adhedhasar keputusan bersama antarane KPU, Bawashu, Pemerintah lan DPR bakal nindakake Pemilu Kepala Daerah serentak katindakake ing tanggal 9 Desember 2020. Tahapan Pilkada-ne kawiwitan ing tanggal 15 Juni 2020 kapungkur kang nuduhake lamun persiapan kerangka hukum kanggo pelaksanaan Pilkada kanthi kahanan protokol covid wektune mepet banget. Iki bisa mbebayani. Bisa-bisa ndadekake kualitas pilkada anjlog, sarta derajat keterwakilan pemilih ora bisa maksimal. Lan iki jelas cengkah karo tujuan penyelenggaraan pemilu iku dhewe. Dikawatirake masyarakat padha wegah teka menyang TPS merga rasa was kuwatir anane virus.

Ing tengahe kahanan kang sarwa rangu-rangu, utamane gegayutan karo kesiapan penyelenggara pemilu, Kemendagri Tito Karnavian, nalika rapat koordinasi pengawasan penyelenggaraan pemerintahan daerah sacara nasional tansah paring pepenget kabeh bakal pasangan calon supaya patuh marang aturan protokol kesehatan. Saliyane iku ing kahanan pandemi resiko kesehatan/keselamatan penyelenggara, peserta pemilu lan pemangku kepentingan liyane sarta masyarakat ing bab iki patut lamun kudune antuk kawigaten mirunggan. Iki mujudake taruhan tumrap partisipasi masyarakat lan kualitas demokrasi.

Sing baku, pepenget kang kudu tetep ora oleh dilirwake, yaiku masyarakat kudu tetep luwih waspada ing tengahe pandemi. Aja nganti padha lena lan kurang ing kaprayitnan, sarta kudune tetep bisa menahi edukasi marang masyarakat. Ukuman tumrap calon sing ora patuh marang protokol kesehatan, yaiku kanthi cara: ora nyoblos calon kasebut. Jalaran iku nuduhake yen calon kasebut amung nduweni nafsu kanggo nggayuh swara sak akeh-akehe, nanging ora peduli marang kesehatan wargane. (\*)

**Jaya Baya**  
Nomer: 3 / LXXV

Minggu Wage,  
20 - 26 September 2020  
2 - 8 Saper 1954 Jimakir  
Wuku: Kuningan,  
Windu: Sangara, Masa ka: IV

• Email: jayabayared@gmail.com

• Redaksi: (031) 8555906

## PASUGATAN



### 12 TAUN NALITI KERONCONG Sing Angel Nglumpukake Data Referensine

Sastrawan Jawa, Daniel Tito kasengsem nganti mendem marang musik kroncong. Ora mung ngoleksi album musik kroncong, dheweke uga gawe panalitian ngenani musik asli Nusantara iki. Asile panalitian 12 taun suwene kuwi, dheweke entuk gelar doktor saka ISI Surakarta kanthi biji 4.0, paling dhuwur saangkatanane....

10



### BUDIDAYA

## Sak Jenthikan, Regane Yutanan

Gedhene mung sak jenthik, nanging sapa ngira yen iwak hias guppy regane bisa tembus atusan ewu engga yutanan rupiah. Ora eram yen ing mangsa pandhemi Covid-19 ngupakara iwak guppy dadi pakaryaan sing banget mikolehi.....

44

### GAMBAR SARAK

Nganggo sandhangan penari Bali, para siswa Pasraman Empu Bharadah, Desa Balonggarut, Krembung, Sidoarjo iki nari Penyembrama kanggo mapagake tamu.

Foto: Valsaja Djati




Kababar wiwit 1 Desember 1945 PT. JAYA BAYA PRABU GENDRAYANA SK Menteri Penerangan RI No. 146/SK/MENPEN/ SIUPP/C. 1/1986 Tanggal 11 April 1986, SK Menkum dan HAM No. AHU-2466739.AH.01.01 Tahun 2015 CIKAL BAKAL Tadjib Ermadi KOMISARIS: H. Adi Sutrisno PAMONG UTAMA K. Sudirman PAMONG REDAKSI Widodo Basuki PENANGGUNG JAWAB Hari Cahyo Santoso REDAKTUR SENIOR Sriyono REDAKTUR PELAKSANA Stevanus Yudi Budiarto REDAKTUR Wuwuh Rahayu, Edy Sceroso PEMBANTU KHUSUS Yunani, Endang Irowati, Tutug Pamorkaton PEMASARAN/IKLAN: Mulik Indrayani. STAF PEMASARAN: Hartoyo, Isyono, M. Arkan, Eny Ismundari KEUANGAN: Tatik Sunarwan, Sukma Triaksasih, Suparniati ALAMAT KANTOR Ruko Taman Bungurasih Blok A-02 Sidoarjo 61256 utawa Kotak Pos 1250 Surabaya 60001 TELP REDAKSI (031) 8555906, FAX (031) 8555906 PEMASARAN (031) 8555905 SMS: 081.330.733.033 Bank BCA No Rek. 5190058569 a/n PT. Jaya Baya Prabu Gendrayana GIRO POS: 6000041821 a/n Majalah Joyo Boyo PERCETAKAN PT. Temprina Media Grafika Jl. Raya Sumengko - Gresik. Isi dudu tanggung jawabe percetakan REGA LANGGANAN SESASI Sajroning Jawa Rp 60.000 /sasi (4 edisi) Rp 75.000 /sasi (5 edisi) Sanjabane Jawa Rp 64.000 /sasi (4 edisi) Rp 80.000 /sasi (5 edisi) Langganan liwat pos tambah ongkos kirim Sajroning Jawa Rp 10.000 /sasi Sanjabane Jawa Rp 15.000 /sasi.

• Langganan / Iktan: (031) 8555905

12 TAUN NALITI MUSIK KERONCONG

# Sing Angel Nglumpukake Data Referensine



Tito ing ruang kerjane kang kebak buku.

Sapa ngira yen sastrawan Jawa, Daniel Tito, jebule uga maniak keroncong. Ora kurang saka 12 taun, kepara luwih dheweke naliti keroncong. Kawiwitan taun 2008, ateges limang taun sadurunge tinampa resmi dadi peserta program doktor ISI (Institut Seni Indonesia) Surakarta ing taun 2013 Tito wis ambyur ing jagating panaliten musik keroncong kanthi sesidheman.

Saking gandrungé marang keroncong nganti direwangi blasakan tekan kutha ngendi-ngendi, wiwit saka Jakarta nganti Surabaya. Betheke mung arep mburu kaset lawas, CD, VCD, DVD, sak-kecekele angger ana keronconge mesthi dituku. Kalebu buku-buku kuna ngenani musik keroncong mesthi diborong nadyan regane kadhang ora murah lan nglemesake dhompét.

Ing omahe, Perum Puro Asri, Karangmalang, Sragen, Jawa Tengah, koleksi kaset lan sapanunggalane mau ditata kanthi racak ing tembok kamar pribadine supaya gampang olehe njupuk banjur diputer sinambi

klekaran. Tujune ana pawiyatan luhur seni sing gelem nampung pepenginane naliti keroncong sacara ilmiah, ya ISI Surakarta kuwi.

“Sakawit nalika nglamar dadi mahasiswa S-3 ing kono arep ditolak. Jalaran benceng-cuweng, ora linier karo sekolahku sadurunge, S1 sastra, S2 ekonomi ing UNS Solo. Mula banjur diuji dening para guru besar seni ing kono. Asile aku dianggep mampu,” kandhane Daniel Tito kang jeneng asline ing KTP, Tito Setyo Budi (62).

Tito ngaku yen mbutuhake wektu suwe, kanggo neliti keroncong, awit kajian musik keroncong kalebu langka. Luwih-luwih ing babagan estetikane. Wektu pitung taun kang diwenehake dening ISI Surakarta dientekake kanggo nyinau teori, ngumpulake data, lan nulis disertasi. Sing paling suwe yakuwi ngumpulake data penelitiane.

Objek material sing dipilih Tito ngenani estetika lirik lan lagu karyane Gesang. “Golek data lagu sak partiture lan ngurutake taun-taun pangriptane wae mbutuhake kawigaten mligi. Awit yen ora diurutake ora bisa mbongkar sejarah laire saben lagu lan gandhenge karo estetikane,” ujare pengarang novel “Lintang Panjer Rina” iki.

Akeh kancane sing maido kok suwe men olehe sekolah? “Ya mbokmenawa aku sing pancen bodho. Nanging sejatine aku dhewe sing legan golek momongan utawa kebo gerang nantang pasangan. Aku ngengel-ngengel awakku dhewe. Promotorku ndheseg supaya aku enggal maju ujian, nanging aku sing rumangsa ora marem. Aku ngoyak referensi pendhukung nganti meh 300 judhul buku kang sebagian gedhe tulisane ilmuwan saka mancanegara,” ujare Tito kang kacathet kasil ngranggeh IPK (Indeks Prestasi Kumulatif) 4.0, paling dhuwur saangkatanane. Nalika ana kalodhangan sanja menyang negara Walanda dheweke merlokake nonton



Karo Suwardi Endraswara rampung ujian.

kepriye wong-wong Landa nikmati musik keroncong. Jebul banget antusias lan serius.

Miturut Tito kang wiwit cilik wis atut marang lenggak-lenggoké musik keroncong—awit ibune, Tutik Sudiharti, penyanyi keroncong tahun 1960-an—keroncong, utamane langgam Jawa, ora prabeda karo Sastra Jawa, ora bakal mati karena pancen ora nduwe kuburan. Dheweke menchi conto, Didi Kempot kang lagune nganggo ukara Jawa nduwe pandhemen cacah ewon generasi milenial. Kamangka



Mburu keroncong tekan negara Walanda

sumber inspirasi lagu karyane Gesang adhedhasar teorine Lucian Goldmann, strukturalisme genetik.

Kanggo kaperluwan disertatine Tito sregep nekani pentas-pentas musik keroncong utamane ing kutha Solo kang pancen dadi benteng pungkasan musik keroncong. Kapiadreng nyemak saben ana grup mbarang keroncong ing warung lan restoran. Nyowani para pemain musik keroncong, para penyanyi. Kebeneran minangka wartawan budaya wiwit mahasiswa taun 1976, wis akrab banget karo Bu Waldjinah lan Mbah Gesang. Karo Pak Andjar Any wis kaya bapake dhewe.

Tito nelakake rasa prihatine

dene maewu-ewu lagu keroncong (stambul, keroncong asli, langgam keroncong, langgam Jawa) nganti dinane iki kaya babar-pisan ora kerumat. Sing bisa ditemokake dokumentasine ora nganti seprapate. Andjar Ani, contone, sing wis dikondhangake nduwe lagu punjul 2.000 asil reriptane, saiki dokumentasine ana ngendi? Sapa sing



Nyocogake melodi nganggo keyboard.



Koleksi kaset lawas ditata racak.

dadi luwih gampang. Nadyan kanca utawa bekas adhik kelas nanging ngujine tenanan. Ya dikon mbenerake metodologine, ngrevisi bab-bab kang wigati. Cekake, ora kok banjur digegampang. Tetep wae ora beda karo promovendus-promovendus liyane.

ngrawat. Durung karyane Ismanto, Dharmanto, Waluyo, sing apik-apik kae. Wis angel dilacak. Apamaneh saiki wis langka wong muter lagu saka kaset nganggo *tape-recorder*. Dene sing wis dipindhahake menyang perangkat digital moderen lagi sithik banget.

tumrap saliyan bocah Jawa durung mesthi ngerti makna tetembungane. Nanging apal. Awit lagune pancen penak dijogedi. Kredo populere Didi Kempot: "patah hati sing dijogedi".

**DIUJI KANCANE**

Sing unik, disertatine Tito kang diuji ing awal Agustus kepungkur, salah siji saka cacah sanga pengujine ora liya kancane dhewe, yakuwi Prof Suwardi Endraswara, sapepadhane pengarang sastra Jawa kang dadi guru besar ing Universitas Negeri Yogyakarta. Sing telu maneh adhik kelase nalika nempuh S1 ing UNS Solo. Ananging nyatane ora kok

Ora jeneng keladuk yen dikanthakake, Tito njangkepi cacah pakar keroncong kang pancen ora akeh ing Indonesia. Dheweke nemokake teori utawa konsep "jumbuh", yakuwi manunggaling 'tembang' lan 'tembung', manuksmane lagu lan lirik, saka anggone neliti karya-karyane Gesang Martohartono. Bapake "Bengawan Solo" kuwi nduweni karakter impresif ing lagu-lagune. Mengkono salah siji dudutan saka asil panalitene Tito. "Katon banget yen Gesang nulis lagu-lagune ora nganggo tangan, nanging nganggo ati lan mobah-mosiking jiwane." ujure Tito kang wis kasil mbongkar sumber-

Mula Tito darbe tekad, sarampunge studi doktrale kuwi dheweke nedya nyusun buku-buku ngenani keroncong. Bisa arupa kumpulan lagu, kumpulan biografi penyanyi keroncong, utawa ensiklopedi keroncong. Tito wis ngrasakake angele golek buku referensi ngenani keroncong. Tujune wiwit ngambah kutha Solo biyen, sekolah ing Fakultas Sastra UNS dheweke wis dhemen gawe klipng ngenani apa wae sing ana gandheng-cenenge karo musik keroncong. Data saka klipng kuwi samengko banget awèh pambiyantu tumrap penelitiane anggone nggayuh doktor keroncong.

□ Rahmani Widayat